DAFTAR LAGU LOMBA NYANYI CAMPURSARI
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
TAHUN 2010

LAGU WAJIB

1. **Dadi ati Pelog Barang**
2. **Ngujiwat Pelog Barang**
3. **Setya Tuhu Pelog Nem**

LAGU PILIHAN

1. **Lara Branta Pelog Nem**
2. **Caping Gunung Pelog Barang**
3. **Putri Gunung Pelog Nem**

LAGU WAJIB

1. Dadi Ati Pelog Barang

Nggoleki sing kaya ngapa
Wong nyatane kelakon seprene
Angger-angger gendra
Wekasane malah mbangun tresna

Dudu banda dudu rupa
Mung atine dadi tetaline
Guyub rukun kadya
Pepindhane mimi lan mintuna

Wis jamak lumrahe
Yen wong urip coba lan godhane, gedhe
Suprandene ora nganti
Ndadak dadi gawe

Rina wengi dadi ati
Wong prasaja luhur bebudene
Dhasar thik gumati
Momong putra alus bebudene

2. Ngujiwat Pelog Barang

Nglalami ngujiwate
yen anggeget lathi anjinggit alise
Sak solah bawane
lencir kuning nengsemake

Sinawang yen ngujiwat
pamikir tan kuwat kaya arep nekat
Suwe suwe tamat
bebasan anggayuh lintang

Yen tengah wengi pangrasaku kaya wus sumanding
Adhuh wong kuning **(Pos)**
liringi netra kang wening
Amung tansah tak lalekke nanging trus eling
Nanging trus eling

Wekasane pepuntonku
Upamane sekar aja nganti layu
Kanggo cecunduku
Adhuh nimas mustikaku

3. Setya Tuhu Pelog Nem

Aku kang setya satuhu
Wit biyen ngati saiki
Bebasan peteng kapapag abyor sumunar

Andika pangayomanku
Lair batinku wis nyata
Mung sajake andika semune kurang rena

Tanda yekti paseksene rikalane
Ngangkat awrat **(Pos)**
mlampah tebih datan lesu
Mugi lestariya

Mugyantuk berkahing widhi
Andika mung tangsah limpat
Panyuwunku setya kula tansah anglalami

LAGU PILIHAN

1. Lara Branta Pelog Nem

Yen kelingan mring sliramu adhuh
Kaya rinujit atiku
Yen siyang tansah katon malela
Dalu datan bisa nendra

Apa sliramu wis lali tenan
Dhek semana nate janji
Nedya arep urip bebarengan
Bungah susah dilakoni

Nanging aku ora ngira
Yen sliramu bakal cidra
Bareng saiki wis mulya
Bareng krama ora nganggo kandha-kandha

Wus bejane lelakonku adhuh
Aku mung kudu narima
Sapa kang bisa paring usada
Nggonku nandang lara branta

2. Caping Gunung Pelog Barang

Dhek jaman berjuang
Njur kelingan anak lanang
Biyen tak openi
Ning saiki ana ngendi

Jarene wis menang
Keturutan sing digadhang
Biyen nate janji
Ning saiki apa lali

Neng nggunung
Tak cadhongi sega jagung
Yen mendhung
Tak silihi caping nggunung

Sukur bisa nyawang
Gunung desa dadi reja
Dene ora ilang
Nggone padha lara lapa

3. Putri Gunung Pelog Nem

Nadyan aku bocah gunung
Doh banget dunungku
Ora susah kathik nganggo bingung
Yen ta pancen tresna aku

Pancen isih dadi lakon
Ninggalke sliramu
Ora-orane bakal klakon
Pepisahan karo aku

Muga-muga aja nganti gawe-gawe gela
Nga dinonga tinebihna ing rubeda
Ala ya mas ya mas ya mas

Apa kowe ra kelingan
Dolan neng omah
Ana latar padha lelungguhan
Gegojegan karo aku

Sumber:

1. Buku *120 Vocal Campursari Pilihan*, Darma Laras Marsudi Luhuring Budaya, oleh Suhan Darmo Carita
2. Buku *Catetan Nonton Wayang, Ngrewat Langgam lan Lagon Dolanan,* oleh ML Sabar Sabda, CV. Cendrawasih 1999